

CHEMEN RENMEN AN

KONTRA POU MOUN K AP PRAN ANGAJMAN CHEMEN RENMEN AN

Etan kanmarad nan branch Episkopal nan Mouvman Jezikri a, nou vle viv lavi renmen an, lavi liberasyon an, lavi ki fè moun anvi viv Jezikri ofri n nan. Bondye envite nou pou n antre nan renmen ki la pou tout tan k gen tan an ki egziste ant Papa a, Pitit la, ak Lespri Sen an (Majeste Etènèl, Pawòl Bondye ki tounen moun, Espri Obeyisans lan) epi pou nou pataje Chemen renmen an.

Èske ou anvi chache antre pi fon nan Jezikri pou l antre nan kre lavi wou, kon sa ou kab sèvi l temwen pou fason li renmen nou epi pou tout moun sou latè.

Nou dakò.

An nou mete ansanm, vire al jwenn Jezikri epi pran angajman nou pou n pratike Chemen renmen an nan kad yon kominate Kretyen ki konn renmen. Reponn ak pawòl sa yo, Nou ap fè sa grasadye.

Èske n ap viv Chemen renmen an, èske n ap viv Chemen renmen an nan apwoche pi pre Bondye nan li labib epi nan reflechi sou pawòl la, espesyalman sou lavi Jezikri, nan priye youn pou lòt, nan priye pou vwazen nou yo epi pou etranje tou, pou lemonn antye epi nan rasanble nan vrè adorasyon?

N ap fè sa, grasadye.

Èske w ap viv Chemen renmen an, nan fè tankou Jezikri pou nou kraze baryè, nan janbe lizyè ak fontyè nan temwaye lafwa nou epi nan beni tout moun ak jenewozite nou epi rann moun sèvis san se pa enterè n n ap defann?

N ap fè sa, grasadye.

Èske w ap viv Chemen renmen an, nan mete tan apa pou w repoze, nan obeyi pawòl la, epi nan resevwa kado Bondye yo, tankou gras li, kè poze l la, ak restorasyon li an?

N ap fè sa, grasadye.

Bondye, ou menm ki fè tout bagay nan renmen, fè nou pwoche pi pre w, etan branch vrè pye rezen an, epi ban nou fòs pou nou viv Chemen renmen Jezikri a, pandan n ap mete konfyans nou nan koze sa a: Chemen Jezikri a gen pouvwa pou li chanje lavi nou chak epi pou li chanje lemonn antye.

Amèn.